

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

ELÈV M-DCPS KI AP APRANN ANGLÈ RANPÒTE GRAN VIKTWA

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ak 77,000 "English Language Learners (ELL)" (Elèv ki ap Aprann Anglè) nan Distri a ranpòte yon gran viktwa ki gen anpil siyifikasyon piske gouvènman Federal la retounen sou desizyon li pou pèmèt plis fleksibilite nan fason Eta a pral teste elèv ki toujou ap aprann Anglè. Resamman, Depatman Edikasyon Etazini te apwouve amandman Florid la pou dispans "Elementary and Secondary Education Act (ESEA)" (Akò Edikasyon Elemantè ak Segondè) konsènan egzansyon kritè pèfòmans pou imigran ki rive resamman e ki ap viv nan peyi a pou mwenske dezan.

Florid te youn nan premye eta ki enplemanme mezi reponsablite fèm pou lekòl li yo. Men lè yo te dekrete "No Child Left Behind Act" (Akò Okenn Timoun Pap Ret Dèyè) a an 2001, sa te vle di Florid te gen de (2) sistèm: youn ki te pou eta e youn pou federal. Ann oktòb 2011, Sekretè Edikasyon Etazini te envite eta yo pou mande yon dispans fleksib ki pou fè yo vin anba yonsèl sistèm reponsablite. An fevriye 2012 yo te bay dispans sa a. Depatman Edikasyon Etazini te ajoute kritè ki te bezwen revizyon, ki mande aksyon Komisyon Edikasyon Eta a ansanm ak lejislasyon an.

Pou yo te ka renouvle demand fleksibilite ESEA Florid la pou 2014-15, Depatman Edikasyon Florid te soumèt yon aplikasyon fleksibilite ki ajou, 4 jen 2014. Ann out, gouvènman Federal la te refize demand dispans la. Nan menm mwa sa a, Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho te met ansanm ak Gouvènè a e Komisyonè a pou mande Depatman Edikasyon Etazini retounen sou desizyon li a.

Sipèntandan Carvalho te pousuiv demand sa a nan yon nòt li te ekri pou bay pozisyon li, kote li pwopoze senk chanjman nan sistèm reponsablite Eta a. Premye a se te rekonsidere règ flou sa a ki te rann elèv ELL yo responsab avan menm yo te metrize règ lang Anglè a. Nan mwa novanm ki sot pase a, li te vwayaje ale Washington D.C pou negosye règ ELL la avèk Sekretè Duncan.

LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY DEPASE ETA A NAN NÒT PÈFÒMANS LEKÒL, TO GRADYASYON

Lekòl segondè Leta Miami-Dade County yo yon fwa ankò depase eta a nan nòt pèfòmans lekòl, malgre ogmantasyon mezi reponsablite yo.

Lekòl segondè nan Miami-Dade fè pi bon Nòt Pèfòmans Lekòl nan yon pi wo nivo pase mwayèn eta a, malgre chanjman nan echèl nòt la e entegrasyon nouvo eleman nan fòmil nòt la.

- 43% lekòl segondè M-DCPS resevwa yon "A", konpare ak 36% atravè eta a.
- 74% lekòl segondè M-DCPS resevwa yon "A" oubyen "B", konpare ak 71% atravè eta a.
- 97% lekòl segondè M-DCPS resevwa Nòt Pèfòmans Lekòl "C" oubyen plis, konpare ak 95% atravè eta a.

Pou katriyèm ane lekòl youn apre lòt, M-DCPS pa gen lekòl nan nivo "F" pami lekòl segondè tradisyonèl li yo.

Miami-Dade depase mwayèn gradyasyon eta a tou, avèk 76.6 pousan elèv k ap gradye, anwo mwayèn 76.1 pousan eta a. Si yo konsidere lekòl segondè tradisyonèl yo poukont yo, san entegrasyon lekòl "charter", to gradyasyon Miami-Dade la rive a 80.2 pousan. To gradyasyon Miami-Dade la depase tou to gradyasyon konte Broward, Duval, Hillsborough, ak Orange.

Akonplisman remakab sa yo se rezilta travay di pwofesè, administratè, anplwaye lekòl, ak volontè Distri a kontinye ap fè.

SENK FINALIS NAN KONPETISYON POU PRIM FRANCISCO R. WALKER 2016 POU MEYÈ PWOSESÈ ANE A

Lekòl Leta Miami-Dade County pral òganize dine pou prim Francisco R. Walker 2016 pou Meyè Pwofesè Ane a nan Miami-Dade County, pou nonmen pwofesè ki pi ekstrawòdinèl atravè Distri a jedi 5 fevriye a 6:00 diswa nan DoubleTree akote Hilton Miami Airport & Convention Center. Yo ap chwazi tou Meyè Pwofesè Premye Ane pou 2015.

Nan lis ki ap suiv la genyen senk finalis yo, zòn yo reprezante ak lekòl yo:

Nò – Christine Rodriguez, Lekòl Segondè Hialeah Gardens
Santral – Lisa Hauser, Akademi "iPreparatory"
Sid – Geoffrey Aladro, Sant K-8 Frank C. Martin
"Education Transformation Office (ETO)" (Biwo Transfòmasyon Edikasyon) –
Tawana Akins, Lekòl Elemantè Holmes
Altènativ/Vokasyonèl – Charlemagne Olius, Edikasyon Adilt/
Vokasyonèl/Altènativ

Distri a ak United Teachers of Dade ap rekonèt tou finalis Meyè Pwofesè Premye Ane pou 2015, e y ap anonse gayan an nan evènman an. Men lis finalis yo:

Nò – Stacey Lynn Rodriguez, Lekòl Mwayen Lawton Chiles
Sid – Desiree Amber Chase, MAST @ Homestead
Santral – Elizabeth Rulan, Lekòl Segondè Miami Springs
Altènativ/Vokasyonèl – Rebekah Erdvig, Edikasyon Adilt/
Vokasyonèl/Altènativ

DAT POU NOU SONJE

16 fevriye –	Fèt Tout Prezidan (All Presidents Day)
17 fevriye –	Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon
20 mas –	Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon
23-27 mas –	Vakans Prentan

**M-DCPS SOU 5YÈM LIS ONÈ ANYÈL KOMISYON KOLÈJ "AP"
(PLASMAN AVANSE) DISTRI A POU PWOGRÈ SIYIFIKATIF NAN
AKSÈ, SIKSÈ ELÈV**

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) se youn nan 547 distri lekòl nan Etazini ak Kanada "College Board" (Komisyon Kolèj) la ap onore avèk plasman sou 5yèm Lis Onè Anyèl AP Distri a paske li ogmante aksè nan travay kou "Advanced Placement (AP)" (Plasman Avanse) pandan, anmenmtan, li ap kenbe oubyen ogmante pousantaj elèv ki resevwa nòt 3 oubyen pi wo nan Egzamen AP yo.

Atenn bi sa yo endike Distri a ap idantifye avèk siksè elèv motive, ki prepare akademikman e ki pare pou opòtinite AP ofri. Depi 2010, M-DCPS ogmante kantite elèv ki patisipe nan AP pandan yo ap amelyore kantite elèv ki resevwa nòt 3 oubyen plis nan Egzamen AP yo.

Pandan peryòd 2010 a 2014, Lekòl Leta Miami-Dade County:

- Ogmante patisipasyon elèv nan AP a yon mwayèn senk pousan anyèlman;
- Ogmante kantite kou AP yo ofri de 29 pousan, soti 870 rive 1,125;
- Ogmante pousantaj elèv AP ki resevwa yon nòt 3 oubyen plis, avèk 46 pousan elèv AP ki resevwa nòt 3 oubyen plis an 2014; e
- Ogmante pousantaj elèv minoritè AP ki tradisyonèlman pa jwenn sèvis ki ap patisipe e resevwa nòt 3 oubyen plis nan omwen youn nan Egzamen AP yo.


An 2014, plis pase 3,800 kolèj ak inivèsite atravè mond lan te resevwa nòt AP pou kredi kolèj, plasman avanse, e/oubyen konsiderasyon nan pwosis admisyon an, avèk plizyè kolèj ak inivèsite nan Etazini ki ap ofri kredi nan youn oubyen plis sijè ki kalifye pou nòt AP.

Lekòl Leta Miami-Dade County angaje l nan elaji disponiblite kou AP pami elèv ki prepare e motive ki soti nan tout nivo nan sosyete a. Lis Onè AP Distri a valorize konsantrasyon Miami Dade sou aksè nan pwogram akademik avanse ak kou AP.

Pwogram AP Komisyon Kolèj la pèmèt elèv pousuiv etid yo nan nivo kolèj — avèk opòtinite pou yo resevwa kredi kolèj, plasman avanse oubyen toude — pandan yo toujou nan lekòl segondè.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

11 mas	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye (Premye Lekti – Zòn Prezans pou 2015-2016)
15 avril	9:00 dimaten	Sesyon Konferans: Zòn Prezans pou 2015-2016
	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
13 me	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye (Dènye Lekti – Zòn Prezans pou 2015-2016)

Operation
SCRUB
Rapòte  **+Plus**

**Enkyetid nou sou
Sante ak Sanitasyon**

305-20-SCRUB

scrub.dadeschools.net

Telefòn pou moun ki soud: 305-995-2400



Elèv ak Paran ka vizite scrub.dadeschools.net pou yo rapòte enkyetid yo sou Sante ak Sanitasyon nan lekòl yo.

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Wilbert "Tee" Holloway
Doktè Martin Karp
Doktè Marta Pérez
Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Julian Lafaurie
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a
Daisy Gonzalez-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon

